# Конспект

# организованной образовательной деятельности

# на тему:

# «Сутки. Части суток: утро, день, вечер, ночь.

# И их значение в жизни человека»

Воспитатель : Ахмадова Л.Р.

Коьчал: Де-буьйсан дакъош: 1уьйре, делкъахан, суьйре, буьйса.

Адамийн дахарехь церан маь1на.

Кхечу дакъошца з1е: «Познание», «Коммуникация», «Художественная литература», «Физическая культура»

1алашонаш:

1аморан 1алашонаш: Де-буьйсанах (суткех) буьззина хаам балар;

Кхиоран 1алашонаш:Де-буьйсан дакъош хаар т1еч1аг1дар, хенан х1оттаман хаар т1еч1агдар;

Кхетош-кхиоран: ладог1а 1амор, тидаме хила 1амор.

Гайтаман г1ирсаш: дина дакъошан суьрташ, сахьт.

Чулацам:

1. Гулдаларан минот.

Кхетамкхиархо: Де дика хуьлда шу, бераш!

Бераш: Дална езийла!

Кхетамкхиархо: Вайна не1 еттарг мила ву те? (Д1айоьллу не1)

Маьлха-Аьзни: Де дика хуьлда шу!

Бераш: Дална езийла!

Кхетамкхиархо: Х1ара мила ю? Евзий шуна?

Бераш: Дера евза, Маьлха- Аьзни ю!

Маьлха- Аьзни: Ма дика ду шуна со евзина! Бераш, шуьгара г1о – накъосталла оьшуш еанера со. Де-буьйсий, 1уьйре-суьйрей ийна сан. Уьш къастош г1о дийра дарий аша?

Кхетамкхиархо: Бераш, шуна х1ун аьлла хета? Г1о дай вай Маьлха- Аьзнина?

Бераш: Г1о дийра ду вай массара.

Маьлха- Аьзни: «Сутки»- бохург х1ун ду те?

Маца йолало, маца чекхйолу?

Кхетамкхиархо: Маьлха- Аьзни, тахана х1окху берашца цхьана

вай дуьйцура ду иза. «Сутки» - иза дей, буьйсий ду.

Буьйсанна вайна  наб кхетта1ачу хенахь, шийтта сахьт даьлча

йолало керла сутка, юха буьсанна шийтта сахьт даьлча

чекхйолу. Суткехь-ткъе диъ сахьт ду.Суткехь диъ дакъа ду: 1уьйре,

делкъе, суьйре, буьйса

Кхетамкхиархо: Арахь сахуьлу, малх хьалаг1отту

Бераш сама довлу, берийн беша доьлху

Маца хуьлу иза?

Бераш: 1уьйранна.

Кхетамкхиархо: Кхин х1ун до 1уьйранна?

Бераш: Мотт д1атабо.

- Зарядка йо.
- Юьхь – куьг, цергаш юьлу.
- Месаш шарйо.
- Марта дуу.
- Т1аккха массо д1а - схьавоьду: дешархой школе, кегийнарш- берийн беша, бакхийнарш–балха боьду.

Кхетамкхиархо:1уьйранна малххьала г1отту,

Са тоссуш схьахьажа соь.

Цо хьоьга маршала хотту,

Иссбаьхьа сан Нохчийчоь!

Кхетамкхиархо: Хаза хийтирий шуна и байт?

Бераш: Хийтира.

Кхетамкхиархо: Муха ю и байт? Самукъане я сингаттаме?

Бераш: Самукъане ю.

Кхетамкхиархо: Де-буьйсанан мулхачу дакъех лаьцна дуьйцу кху т1ехь?

Бераш: 1уьйренах лаьцна дуьйцу.

Кхетамкхиархо: Аса цхьа х1ума эра душуьга, бераш.

Дийно- сарралца шайна
Самукъане хила лаахь
1уьйре къажарца йолае.
Дуьненна де беркате де!

Кхетамкхиархо:Х1етал-метал хаийла шуна:

Суьйранна дала дужу,

1уьйранна чу са дог1у. (Де)

Бераш: Де ду.

Кхетамкхиархо: Нийсабоху. Т1аккха дийнахь х1ун г1уллакхаш до вай?

Бераш: Белхаш бо, чуьра г1уллакх до.

- Х1уманаш юьтту.

- Туькана доьду.

- Больнице доьду.

- Делкъан ламаз до,х1ума юу.

Кхетамкхиархо: Бераш, хьовсал кху суьрташка. Кхарна юккъера харжа деза адамаша дийнахь деш долу г1уллакхийн суьрташ.Т1аьхье-хьалхе нийса охьадахка уьш. Дийца, х1унда хетта хьуна иштта.

Бераш: Адамаша дийнахь коьрта г1уллакхаш до.

2. Сада1аран минот.
   Кхетамкхиархо:Бераш, вай х1инца садо1ура ду.

   Хьалаг1овтта, д1анисло,

Хиъна 1аш, дег1 лацало.
Болар де шаьш лаьттачохь
(Меллаша: дувайчохь)
Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ.
Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ.
Цхьаъ, шиъ, кхоъ, диъ.
Х1инца боларсацаде,
Хаьн т1е куьйгаш х1иттаде,
Когаш –белшийн шораллехь,
Саттош, аг1ор даккха дег1:
Иштта д1а а, иштасхьа а,
Иштта д1а а, иштасхьа а.
Х1инца жиммааш сада1а,
Охьаховша когаш т1е.

3. Темийна т1ехь болх бар.

Кхетамкхиархо: Кхин д1а дийнан муьлхачу декъах лаьцна дуьйцура ду вай?

Бераш: Суьйренах лаьцна.

Кхетамкхиархо: Суьйранна х1ун до адамаша?

Бераш: Балхара ц1а бог1у.

- Берийн бешара, школера ц1а дуьгу бераш.
- Ц1ано йо.
- Телевизоре хьовсу.
- Кханенна кечам бо.
- Юург юу.

Кхетамкхиархо: Бераш, хьовсал кху суьрташка. Кхарна юккъера харжа деза адамаша суьйранна деш долу г1уллакхийн суьрташ.Т1аьхье-хьалхе нийса охьадахка уьш. Дийца, х1унда хетта шуна иштта.

Кхетамкхиархо: Кхин д1а де –буьйсий муьлха дакъа ду вайна хуур ду х1етал-метал тидча.

Х1етал-метал хаийла шуна:
Малх д1абуьзча, даим керта
Дуссу тийна 1аьржа верта. (Буьйса)

Х1етал-метал хаийла шуна:
Дерриг дуьне эшош богl1у 1аьржа бода.
(Буьйса)

Бераш: Буьйса ю.
Кхетамкхиархо: Буьйсанна х1ун до вай?
Бераш: Дерриге г1уллакхаш дина а девлла, д1адийшина садо1у, набйо.
Кхетамкхиархо: Хьовсал кху суьрта т1е. Муьлха хан ю гойтург?
Бераш: Буьйса.

4. Дидактически ловзар: «Нийса а, харц а»

Кхетамкхиархо: Аса нийсаалахь, ашакуьйгаштуху. Харцалахь- ца туху.
- 1уьйранна малх хьала г1отту.+
- 1уьйранна зарядка ян еза.+
- Сарахь наха марта дуу.-
- 1уьйрана юьхь йила мегар дац.-
- 1уьйре д1аяьлча, суьйре т1екхочу.-
- Дийнахь стиглахь кхетта бутт хуьлу.-
- Дийнахь арахь лета фонарикаш хуьлу.-
- Де чекхдаьлча, 1уьйре т1екхочу-
- Буьйсанна 1аьржа хуьлу.+
- Буьйсанна бераш берийн беша доьду.-
- Буьйсанна массо бийшина хуьлу.+

5. Жам1даран мур

Кхетамкхиархо: Бераш, стенах лаьцна дийцира вай тахана?
Бераш: Вай дийцира де-буьсанах лаьцна.
Кхетамкхиархо:Оьрсийн маттахь х1ун олу цунах?
Бераш: Сутки.
Кхетамкхиархо:Муьлха дакъош хуьлу де-буьйсан?
Бераш: 1уьйре, делкъахан, суьйре, буьйса.
Кхетамкхиархо: Маца долало керла де-буьйса?
Бераш: Буьйсанна,вай дийшина долуш, 12 сахьт даьлча.
Кхетамкхиархо:Маса сохьтехь лаьтта иза?
Бераш: Ткъе диъ сохьтехь лаьтта.
Кхетамкхиархо: Чекх маца йолу де-буьйса?

Бераш: Шолг1ачу буьйсанна, шийтта сахьт даьлча.

Кхетамкхиархо:Цухенахь вай х1ун деш хуьлу?

Бераш: Вай д1адийшина хуьлу.

Кхетамкхиархо:Хаза хийтирий шунатаханлера заняти?

Бераш: Хийтира.

Кхетамкхиархо: Х1ун дара шуна хаза хеттарг?

Бераш: Де-буьйсанан дакъош дуьйцуш.

- Суьрташ т1ехь уьш къастош.
- Х1етал-металш т1ехь болх бар
















Коьчал: Де-буьйсан дакъош: 1уьйре, делкъахан, суьйре, буьйса.

Адамийн дахарехь церан маь1на.